

Kòman pou itilize kupon Urban Advantage ou yo -Plis- Gid aktyèl COVID yo


Septanm 2022 – Jen 2023
(22/08/22)

KÒMAN NOU KA EDE W? (KLIKE TIP KOUAPON AN):

- [1. EKSPLIKASYON POU ELÈV KI GEN PLIS PASE 3 KOUAPON](#)
- [2. KONDISYON SANTE AK PREKOSYON COVID POU VIZITE UA INSTITUTIONS](#)

EKSPLIKASYON POU ELÈV KI GEN PLIS PASE 3 KOUAPON:

- Elèv +3 kupon yo ap ekspire 30 jen 2023.
- Tout enstitisyon UA yo, eksepte Queens Botanical Garden ak New York Botanical Garden (Bronx), egzije rezèvasyon tikè davans ki gen lè sou yo pou rantre. Tanpri gade eksplikasyon ki pi ba a, anba chak enstitisyon, pou wè eksplikasyon sou kòman pou rezève tikè admisyon pa w la ki gen lè sou li a.
- Pifò enstitisyon UA yo egzije pou montre tikè w yo. Depi w fin rezève tikè admisyon ki gen lè sou li a, ou ta dwe resevwa yon imèl ki gen enfòmasyon sou admisyon.
- Chak kupon valab pou 4 moun; plis pase 4 moun ka rantre alafwa si w reutilize Idantite kupon an.
- Kupon pa gen ladan pakin nan enstitisyon UA yo sof nan Zoo Staten Island lan.



FREE ADMISSION
To New York City's science cultural institutions.

This voucher admits 1 student and 3 family members to:

- American Museum of Natural History
- Bronx Zoo
- Brooklyn Botanic Garden
- New York Aquarium
- New York Botanical Garden
- New York Hall of Science
- Queens Botanical Garden
- Staten Island Zoo

Congratulations!
You are receiving this free voucher because your child is at an Urban Advantage School.

THIS MASTER VOUCHER CAN BE REUSED.

Not for School Group visits.
NO CASH VALUE - EXPIRES 6/30/23

Voucher ID Number:
XXXXXXXX

School Number/Name: _____
Teacher: _____

If voucher is collected at time of visit, please record: Date of visit: _____ Number of Visitors:

GENERAL INSTRUCTIONS FOR STUDENT +3 VOUCHERS:

- All UA institutions, except for Queens Botanical Garden and New York Botanical Garden (Bronx), require advance timed entry reservations. Please see instructions below, under each institution, for instructions on how to reserve your timed entry tickets.
- Most UA institutions require that you show your tickets. Once you reserve your timed entry tickets you should receive an email with admission information.
- Each voucher admits 4 people, you can reuse your UA voucher, and more than 4 people may be admitted at one time by reusing the voucher.
- Voucher does not include parking at UA institutions, except at the Staten Island Zoo.
- Consult www.urbanadvantage.org and institution website for COVID entry requirements.

American Museum of Natural History

Valab pou antre jeneral ak yon ekspozisyon espesyal. Pou itilize kupon an, telephone AMNH Central Reservations nan (212) 769-5200 davans (avan dat vizit ou a) pou rezève yon lè pou antre. Ou pral bezwen bay Nimewo ID Kupon w lan pandan apèl la. Pou anile, telephone (212) 769-5200 avan 5:00 pm jou avan vizit ou a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon ak mizajou sou jan pou itilize kupon w lan pou vizite nenpòt nan enstitisyon ki pi wo yo, ale sou: <https://www.urbanadvantagenyc.org/visit-ua-institutions/>.

Bronx Zoo

Valab pou antre nan Bronx Zoo tout bagay ladan, ki ofri aksè san limit nan atraksyon, Zoo Shuttle, ak tout ekspozisyon ki peye: Jungle World (tout ane a), Wild Asia Monorail (Mas-Oktòb), Butterfly Garden (Avril-Oktòb), oswa Congo Gorilla Forest (Avril-Desanm). Pakin pa ladan l. Pou itilize kupon sa a, kopye epi kole l [wcs.education/ua-store](https://www.wcseducation.com/ua-store) nan web browser w lan pou rezève dat ak lè antre. Ou pral bezwen pou bay **Nimewo ID Kupon** w lan ak non lekòl la lè w ap rezève tikè w sou entènèt. Lè w fin fè rezèvasyon sou entènèt ou a, w ap resevwa tikè w yo nan yon imèl apa, ke w ap prezante sou telefòn ou nan gichè admisyon an nan dat ak lè ou rezève a.

Brooklyn Botanic Garden

Valab pou admisyon jeneral. Yon adilt ki gen 18 lane oswa plis dwe sipèvize timoun ki poko gen laj 14 lane. Yo egzije tikè; fè rezèvasyon alavans pou antre pi vit. ale sou: <https://www.bbg.org/visit>, klike "Get Tickets" epi "Not a Member, Buy Tickets" (yo pa pral chaje okenn frè). Chwazi dat epi chwazi "Affiliated Organization Tickets" nan meni an pou rezève tikè (Reserve Tickets Menu). Ale nan "Checkout". Ou pral resevwa yon imèl konfimasyon avèk kòd QR ou dwe montre lè w rive. Ou dwe pote kupon UA "Student +3" a (swa kopi enprime swa kopi dijital) pou montre estaf ki nan sèvis vizitè a.

New York Aquarium

Valab pou antre nan Aquarium, ki gen ladan aksè nan tout ekspozisyon ak yon vizit nan 4-D Theater. Pakin pa ladan l. Pou itilize kupon sa a, kopye epi kole l [wcs.education/ua-store](https://www.wcseducation.com/ua-store) nan web browser w lan pou rezève dat ak lè antre. Ou pral bezwen pou bay **Nimewo ID Kupon** w lan ak non lekòl la lè w ap rezève tikè w sou entènèt. Lè w fin fè rezèvasyon sou entènèt ou a, w ap resevwa tikè w yo nan yon imèl apa, ke w ap prezante sou telefòn ou nan gichè admisyon an nan dat ak lè ou rezève a.

New York Botanical Garden

Aksè All-Garden Pass ki valid pou tout jounen an. Antre nan Holiday Train Show a, The Orchid Show ak lòt ekspozisyon espesyal yo si yo disponib. Pakin pa ladan l. Pou itilize kupon an, vizite NYBG epi prezante kupon "Student +3" UA ou genyen an (kupon enprime oswa kopi dijital) pou yon reprezantan sèvis vizitè nan yon gichè tikè.

New York Hall of Science

Valab pou admisyon jeneral. Pakin pa ladan l. Pou itilize kupon sa a, ale sou [nysci.org/specialty-museum-access-programs](https://www.nysci.org/specialty-museum-access-programs) pou w rezève dat ak lè admisyon w lan. Ou pral bezwen pou bay **Nimewo ID Kupon** w lan lè w ap rezève tikè w yo sou entènèt. Lè w fin fè rezèvasyon sou entènèt ou a, w ap resevwa tikè w yo nan yon imèl apa, ke w ap prezante sou telefòn ou nan gichè admisyon an nan dat ak lè ou rezève a. Tanpri tcheke sit wèb nou an pou konnen orè nou yo. <https://www.nysci.org/visit>.

Pou w jwenn plis enfòmasyon ak mizajou sou jan pou itilize kupon w lan pou vizite nenpòt nan enstitisyon ki pi wo yo, ale sou: <https://www.urbandvantagenyc.org/visit-ua-institutions/>.

Queens Botanical Garden

Koupon yo valab pou admisyon jeneral nan Queens Botanical Garden. Ou ka prezante koupon "Student + 3" w lan sou telefòn ou oswa sou papye nan antre prensipal la oswa nan gichè pakin lan pou w rantre gratis. Sonje frè pakin lan pa fè pati koupon w lan. Tanpri ale sou www.queensbotanical.org pou gade kalandriye aktivite nou yo!

- **The Queens Botanical Garden lan ouvè:**

- Avril - Oktòb: Madi rive Dimanch, 8am pou 6pm
- Novanm-Mas: Madi rive Dimanch, 8 am pou 4:30 pm
 - Li fèmen jou lendi pandan tout ane a, eksepte jou konje legal yo. Fèmen jou Thanksgiving, Nwèl ak Joudlan.

Staten Island Zoo

Pou itilize koupon UA w la, tanpri ale sou <http://www.statenislandzoo.org/tickets/>. Koupon an valab pou antre nan tout ekspozisyon.

Eksplikasyon pou itilizasyon koupon:

- Klike sou bouton "Urban Advantage Admissions Tickets".
- Chwazi kantite vizitè k ap vizite a nan opsyon meni ki gen tit "Urban Advantage Tickets Covered By Voucher (Maksimòm 4)".
 - Ou ka mennen lòt vizitè si w fè yon lòt rezèvasyon avèk menm nimewo koupon an.
- Y ap mande w pou bay nimewo ID koupon an, non pwofesè a ak non lekòl la avan w rantre.
 - Ou dwe prezante koupon "Student + 3" UA w la (swa kopi papye swa kopi dijital) nan gichè admisyon lè w rive. Gen pakin gratis disponib.
- Ou ka itilize koupon UA "Student + 3" tou pou yon "Virtual Animal Drop-In" andirèk, entèaktif ki dire 15 minit avèk yon edikatè zoo ak animal ou chwazi a. Rezèvasyon obligatwa omwen 5 jou davans epi ou ka fè l nan <http://www.statenislandzoo.org/virtual-zoo/>.
 - Si w ap itilize koupon UA w la pou yon Virtual Animal Drop-In, itilize kòd rabè "UAS+3" (respekte fòm lèt ki majiskil ak sa ki miniskil) (case sensitive) lè w ap fini pou benefisye rabè w lan. Y ap mande w pou bay Nimewo ID koupon w lan.

Pou w jwenn plis enfòmasyon ak mizajou sou jan pou itilize koupon w lan pou vizite nenpòt nan enstitisyon ki pi wo yo, ale sou: <https://www.urbandvantagenyc.org/visit-ua-institutions/>.

Kondisyon sante ak pwoteksyon pou COVID pou vizite enstitisyon ki asosye ak UA yo

American Museum of Natural History: Sante ak pwoteksyon pandan COVID-19

(Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale nan: <https://www.amnh.org/plan-your-visit/covid-19-visitors-staff>)

Yo rekòmande mask pou vizitè ak manm estaf.

Bronx Zoo: Sante ak pwoteksyon pandan COVID-19

(Pou plis enfòmasyon tanpri ale sou: <https://bronxzoo.com/plan-your-visit/know-before-you-go>)

Yo rekòmande mask ak vaksen ki ajou pou vizitè ou a. Vizitè ak manm estaf yo ka kontinye mete mask pou plizyè rezon, tanpri aji avèk jantiyès ak konsiderasyon pou lòt moun.

Pou pwomnad klas Lekòl la ak Pwomnad Kominotè, yo rekòmande mask.

- Yo dwe suiv pwopòsyon (ratio) sipèvizyon Chaperon yo toutan – Gwoup elèv yo bezwen (1) yon sèl chaperon adilt pou chak 10 minè epi chaperon yo dwe rete avèk gwoup yo tout tan.

Brooklyn Botanic Garden: Sante ak pwoteksyon pandan COVID-19

Brooklyn Botanic Garden ap suiv prensip CDC, eta NY ak Vil Nouyòk. Kòm sa ka chanje, nou ankouraje w pou [tcheke sitwèb nou an pou w jwenn enfòmasyon ki pi resan yo](#). Ou ka voye yon imèl tou nan schoolprograms@bbg.org si w gen kesyon.

Pou sekirite chak moun, Jaden an rezève l dwa pou refize oswa anile admisyon pou nenpòt vizitè ki refize respekte pwotokòl sante ak prekosyon yo. Mèsi poutèt ou gen konpasyon pou lòt moun.

New York Aquarium: Sante ak pwoteksyon pandan COVID-19

(Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale nan: <https://nyaquarium.com/plan-your-visit/know-before-you-go>)

Yo rekòmande mask ak vaksen ki ajou pou vizitè ou a. Envite ak manm estaf yo ka kontinye mete mask pou plizyè rezon, tanpri aji avèk jantiyès ak konsiderasyon pou tout moun.

Pou Pwomnad Klas Lekòl la ak Pwomnad Kominotè, yo rekòmande mask.

- Yo dwe suiv ratio sipèvizyon Chaperon yo toutan – Gwoup elèv yo bezwen (1) yon sèl chaperon adilt pou chak 10 minè epi chaperon yo dwe rete avèk gwoup yo tout tan.

New York Botanical Garden: Sante ak pwoteksyon pandan COVID-19

Apati 7 mas 2022: Dapre prensip CDC, eta ak lokal yo, yo pa mande prè vaksinasyon ankò pou vizitè yo nan NYBG, epi kouvri figi yo pa obligatwa. Tanpri sonje anpil manm estaf ak vizitè ka kontinye kouvri figi pou plizyè rezon. Si w malad oswa gen sentòm, nou mande w pou vizite yon lòt jou. N ap apresye jantiyès ak konsiderasyon w pou lòt moun anpil.

Pou w jwenn plis enfòmasyon ak mizajou sou jan pou itilize kupon w lan pou vizite nenpòt nan enstitisyon ki pi wo yo, ale sou: <https://www.urbandvantagenyc.org/visit-ua-institutions/>.

New York Hall of Science: Sante ak pwoteksyon pandan COVID-19

(Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale nan : https://nysci.org/visit#visitors_policies_section)

Yo pa egzije vizitè pou mete mask ni vaksinen nan NYSCI.

Queens Botanical Garden: Sante ak Sekirite pandan COVID-19

Pou jwenn enfòmasyon ki pi resan, tanpri ale sou: <https://queensbotanical.org/know-before-you-go/>

Queens Botanical Garden se yon kote prèske tout aktivite fèt deyò. Yo pa egzije vizitè ak manm estaf pou mete mask deyò nan tan sa a menmsi yo ankouraje yo pou fè l.

Kounye a yo egzije tout vizitè pou mete mask nan espas fèmèn nou yo. Espas fèmèn nou yo gen ladan: Boutik QBG, ak Galri bilding vizitè ak administrasyon an(Visitor & Administration Building Gallery).

Moun ki konte rantre nan bilding nou yo pou yon tan ki long(plis pase 15 minit), ta dwe fè yon evalyasyon pèsònèl avan yo rive. Si nenpòt nan kesyon ki pi ba yo se “wi,” vizitè a ta dwe rete lakay li:

- Èske nan dènye 48èdtan ki pase yo, mwen te gen nouvo sentom COVID-19 oswa sentom COVID-19 ki vin anpire?
- Si m pa vaksinen, èske mwen te ankontak dirèk (distans sis pye pou omwen 10 minit pandan yon peryòd 24èdtan) oswa ankontak rapwoche (jan otorite sante yo defini l) nan 10 dènye jou pase yo avèk yon moun yo konfime avèk tè, oswa dapre sentom yo sispèk, ki gen COVID-19?
- Èske mwen te Teste pozitif pou COVID-19 nan espas 10 jou pase yo.

Staten Island Zoo: Sante ak pwoteksyon pandan COVID-19

(Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale nan : <http://www.statenislandzoo.org/what-to-expect/>)

VAKSEN

Prè vaksinasyon pa obligatwa pou vizitè yo antre nan Staten Island Zoo.

MASK

Menmsi yo pa egzije mask, vizitè ak manm estaf yo ka kontinye mete mask pou plizyè rezon, tanpri aji avèk jantiyès ak konsiderasyon pou tout moun.

Nou pran angajman 100% pou ofri yon eksperyans sennesof, avantaje ak amizan pou kliyan Zoo nou yo isit la a nan pi gwo ti Zoo Vil Nouyòk la . Si w malad, si w gen sentòm oswa si w sispèk ou te ankontak avèk COVID-19, nou mande w pou w repwograme vizit ou a pou yon lòt jou. Nou apresye jantiyès ak konsiderasyon w pou lòt moun anpil.

N ap tann vizit ou !

Pou w jwenn plis enfòmasyon ak mizajou sou jan pou itilize kupon w lan pou vizite nenpòt nan enstitisyon ki pi wo yo, ale sou: <https://www.urbandvantagenyc.org/visit-ua-institutions/>.